

Direktiv Anvan Medikal nan Eta Ohio:

Deklarasyon Testaman Biyolojik

Pwokirasyon pou Swen Sante

Mwen te ranpli yon **Pwokirasyon pou Swen Sante**: Wi Non

Mwen te ajoute nòt espesyal nan yon Pwokirasyon pou Swen Sante mwen an: Wi Non

Mwen te fè **Nominasyon Responsab Legal** sou Pwokirasyon pou Swen Sante mwen an: Wi Non

Mwen te ranpli yon **Deklarasyon Testaman**: Wi Non

Mwen ajoute enstriksyon espesyal nan Deklarasyon Testaman mwen an: Wi Non

[REMAK: Nenpòt lè ou siyen yon nouvo dokiman direktiv avanse, otomatikman l ap anile dokiman menm jan an ou te bay anvan amwenske ou bay lòt enstriksyon sou sa. [R.C. §1337.14 ak R.C. §2133.04 (C)]

[REMAK: Si w fè chanjman nan yon direktiv avanse, sonje fè menm chanjman yo nan lòt direktiv avanse ou genyen.]

Eta Ohio

Pwokirasyon pou Swen Sante

[R.C. §1337]

(Non Konplè)

(Dat Nesans)

Sa a se Pwokirasyon pou Swen Sante mwen. Mwen anile tout Pwokirasyon pou Swen Sante ke mwen te siyen anvan. Mwen konprann nati ak objektif dokiman sa a. Si yo jije yon dispozisyon envalid oswa inaplikab, li pa dwe afekte rès dokiman sa a.

Mwen konprann ajan m nan kapab pran desizyon swen sante pou mwen sèlman lè doktè k ap okipe mwen an detèmine ke mwen pèdi kapasite pou m pran desizyon swen sante ki enfòmè. Sepandan, sa pa egzije ni enplike ke yon tribinal dwe deklare ke mwen enkonpetan.

Definisyon

Granmoun vle di yon moun ki gen 18 tan ane oswa plis.

Ajan oswa avoka - an reyalite - vle di yon granmoun konpetan ke yon moun (moun “prensipal” la) ka nonmen nan kad yon Pwokirasyon Swen Sante pou pran desizyon swen sante pou moun prensipal la.

Nitrisyon oswa idratasyon atifisyèl oswa teknolojik vle di manje ak likid ke yo bay nan venn oswa tib manje. *[Ou ka refize oswa pa kontinye ak yon tib manje oswa otorize Ajan Pwokirasyon Swen Sante w la pou l refize oswa pa kontinye nitrisyon oswa idratasyon atifisyèl.]*

Obligasyon vle di yon kontra asirans ki bay pou pwoteje zafè pasyan an kont vòl oswa pèt ki rive akòz mankman Titè byen yo pou l fè travay li byen.

Swen konfò vle di nenpòt mezi, pwosedi medikal oswa enfimyè, trètman oswa entèvansyon, sa gen ladann nitrisyon ak/oswa idratasyon, ke yo fè pou diminye doulè oswa enkonfò yon pasyan, men se pa pou repòte moman lanmò.

CPR vle di rezirèksyon kadyopilmonè, se yonn nan plizyè fason pou fè yon moun kòmanse respire oswa fè kè l bat lè li te kanpe. Li pa gen ladann netwaye vwa respiratwa yon moun pou yon lòt rezon ki pa rezirèksyon.

Lòd Pou Pa Resisite oswa DNR vle di lòd medikal yon doktè ki ekri nan dosye yon pasyan pou di ke pasyan an pa sipoze resevwa rezirèksyon kadyopilmonè.



Responsab legal vle di moun ki deziyen pa yon tribinal atravè yon pwosedi legal pou pran desizyon pou yon pasyan. Yon **Gadyen** etabli pa nominasyon yon tribinal.

Swen sante vle di nenpòt swen, trètman, sèvis oswa pwosedi pou kenbe an sante, dyagnostike oswa trete sante fizik oswa mantal yon moun.

Desizyon swen sante vle di bay konsantman enfòmè, refize bay konsantman enfòmè, oswa retire konsantman enfòmè pou swen sante.

Pwokirasyon Swen Sante vle di yon dokiman legal ki kite moun prensipal la otorize yon ajan pou pran desizyon swen sante pou moun prensipal la nan pifò sitiasyon swen sante lè moun prensipal la pa ka pran desizyon sa yo ankò. Epitou moun prensipal la ka otorize ajan an pou rasanble enfòmasyon sante ki pwoteje pou ak nan plas moun prensipal la menm kote a oswa nenpòt lè. Yon Pwokirasyon pou Swen Sante se PA yon pwokirasyon finansyè.

Dokiman Pwokirasyon Swen Sante a ka sèvi tou pou nonmen moun pou aji antanke responsab legal pou moun oswa byen prensipal la. Menmsi yon tribinal nonmen yon responsab legal pou moun prensipal la, Pwokirasyon Swen Sante a rete an vigè amwenske tribinal la decide yon lòt bagay.

Trètman pou kenbe fonksyon vital yo vle di nenpòt pwosedi medikal, trètman, entèvansyon oswa lòt mezi, lè yo bay yon pasyan yo, sa l plis fè se pwolonje pwosesis lanmò a.

Deklarasyon Testaman vle di yon dokiman legal ki kite se yon granmoun konpetan (“moun ki fè deklarasyon an”) ki presize ki swen sante moun ki fè deklarasyon an vle oswa pa vle lè li vin malad nan faz tèminal oswa enkonsyan yon fason pèmanan e li pa ka di kisa li ta vle ankò. Li PA e li pa ranplase yon testaman, ke yo itilize pou deziyen yon egzekitè pou jere byen yon moun aprè li fin mouri.

Eta enkonsyan pèmanan vle di yon kondisyon ki pa ka chanje kote pasyan an pa konn anyen de tèt li ak ozalantou li yon fason pèmanan. Omwen de medsen dwe egzamine pasyan an epi dakò ke pasyan an pèdi nèt tout fonksyon prensipal sèvo a e li pa ka ni soufri ni santi doulè.

Moun prensipal vle di yon granmoun konpetan ki siyen yon Pwokirasyon Swen Sante.

Faz tèminal vle di yon kondisyon ki pa ka chanje, ki pa ka geri, e ki pa ka trete akòz yon maladi, pwoblèm sante oswa blese e apati de sa, nan yon degre sètitud medikal ki rezonab jan yo detèmine sa ann akò ak estanda medikal ki rezonab yo pa mwayen yon doktè ki sou moun prensipal la ak yon lòt doktè ki te egzamine moun prensipal la, toude nan sa ki annapre yo aplikab: (1) pa ka gen rekouvremant epi (2) moun sa a plis ka mouri nan yon espas tan ki pa lwen si yo pa ba li trètman pou kenbe fonksyon vital yo.


Pasyan vle di moun tribinal la detèmine ki enkonpetan an. Lavi, ansanm byen finansyè pasyan an, oswa toulede, pwoteje pa yon responsab legal tribinal la deziyen epi sipèvize.

Nonmen Ajan Mwen an. Moun ki nonmen pi ba a se ajan mwen, ki pral pran desizyon swen sante pou mwen jan sa otorize nan dokiman sa a.

Non ajan an ak kisa li ye pou ou: _____

Adrès: _____

Nimewo Telefòn: _____



Lè mwen ekri premye lèt non m, mwen siyen, koche oswa mete lòt mak nan ti kare sa a, mwen bay otorizasyon presi pou ajan mwen an jwenn enfòmasyon swen sante ki pwoteje mwen yo menm kote a ak nenpòt lè alavni.

Direktiv pou Ajan an. Ajan mwen an pral pran desizyon swen sante pou mwen sou baz enstriksyon mwen yo ki nan dokiman sa a ak sa mwen swete ke ajan mwen an konnen. Si ajan mwen an kwè ke sa mwen swete yo an kontradiksyon ak sa ki nan dokiman sa a, se sa ki nan dokiman sa a k ap pase. Si pa gen okenn enstriksyon e si sa mwen swete yo pa fin klè oswa yo pa konnen yo nan nenpòt sitiyasyon an patikilye, ajan mwen an ap detèmine sa ki plis nan enterè m aprè li fin konsidere avantaj yo, enkonvenyan yo ak risk ki ka prezante poutèt yon desizyon ki te pran. Si pa gen ajan ki disponib, dokiman sa a ap bay direktiv sou desizyon konsènan swen sante mwen.

Nonmen yon ajan ranplasan. Si ajan mwen nonmen pi wo a pa disponib nan moman an oswa li pa vle oswa li pa kapab pran desizyon pou mwen, kidonk mwen nonmen, nan lòd priyorite ki annapre a, moun ki nan lis pi ba a antanke ajan ranplasan mwen [*pase trè sou nenpòt liy ki pa itilize*]:

Fè yon kwa sou pati ou pa itilize yo

Non ak relasyon premye ajan ranplasan an: _____

Adrès: _____

Nimewo Telefòn: _____

Non ak relasyon dezyèm ajan ranplasan an: _____

Adrès: _____

Nimewo Telefòn: _____

Nenpòt moun ka konte sou yon deklarasyon nenpòt ajan ranplasan ki nonmen pi wo a fè ki di l ap aji kòrèkteman nan kad dokiman sa a e moun sa a pa bezwen fè okenn lòt investigasyon oswa rechèch.

Otorite Ajan an. Sof pou atik sa yo mwen pase trè sou yo e ki depann de nenpòt chwa mwen te fè nan Pwokirasyon Swen Sante sa a, ajan mwen an gen tout otorite pou l pran desizyon pou mwen nan domèn swen sante. Otorite sa a gen ladann, men se pa sa sèlman, sa ki annapre yo:

1. Bay konsantman pou resevwa medikaman oswa trètman oswa pwosedi pou soulaje doulè (sa gen ladann operasyon) ke ajan mwen an, sou baz konsèy medikal, kwè ki ka ban mwen rekonnèt, menmsi medikaman, trètman oswa pwosedi konsa ka akselere lanmò m.
2. Si mwen gen yon maladi nan faz tèminal e mwen pa genyen yon Deklarasyon Testaman ki pale sou trètman pou jan de maladi sa yo, pou pran desizyon konsènan trètman pou kenbe fonksyon vital yo, sa ki gen ladann bay nitrisyon oswa idratasyon sou fòm atifisyèl oswa teknolojik.
3. Pou bay, retire oswa refize konsantman enfòmè nan nenpòt pwosedi swen sante, trètman, entèvansyon oswa lòt mezi.
4. Pou mande, revize epi resevwa nenpòt enfòmasyon, aloral oswa alekri, konsènan pwoblèm fizik oswa mantal mwen, sa gen ladann, men se pa sa sèlman, tout dosye medikal ak swen sante mwen.
5. Pou bay konsantman pou pibliye enfòmasyon e pou pibliye enfòmasyon medikal ak sa ki gen rapò ak yo konsènan pwoblèm ak trètman mwen bay lòt moun.
6. Pou egzekite (siyen ak date) pou mwen nenpòt dechaj oswa lòt dokiman ki ka obligatwa pou w jwenn enfòmasyon medikal ak sa ki gen rapò ak yo.
7. Pou egzekite (siyen ak date) konsantman, dispans ak dechaj responsablite pou mwen ak pou byen m pou tout moun ki konfòm yo ak enstriksyon ak desizyon ajan mwen an. Pou konpanse epi retire tout responsablite, sou kont mwen, nenpòt moun ki aji pandan li konte sou Pwokirasyon Swen Sante sa a. M ap lye ak yon konpansasyon konsa ke ajan mwen an antre ladann.
8. Pou chwazi, itilize epi dechaje pèsònèl ak sèvis swen sante ki bay swen sante lakay ak bagay sanblab.
9. Pou chwazi, fè kontra pou admisyon mwen, transfere m nan oswa otorize egzeyat mwen nan nenpòt etablisman medikal oswa swen sante, sa gen ladann, men se pa sa sèlman, lopital, mezon retrèt, etablisman ki bay asistans pou viv, ospis, mezon pou granmoun ak lòt kote menm jan an.
10. Pou transpòte m oswa fè aranjman pou transpòte mwen yon kote y ap respekte Pwokirasyon Swen Sante sa a, si mwen yon kote tèm ki nan dokiman sa a pa aplike.
11. Pou konplete epi siyen pou mwen sa ki annapre yo:
 - Bay konsantman pou trètman swen sante oswa pou bay Lòd Pou Pa Resisite (DNR) oswa lòt lòd menm jan an; epi
 - Demann pou transfè nan yon lòt etablisman, pou egzeyate malgre konsèy swen sante yo pa rekòmande sa, oswa lòt demann menm jan an; epi
 - Nenpòt lòt dokiman ke yo vle oswa ki nesesè pou enpleman desizyon swen sante ke ajan mwen an otorize pou l fè sou baz dokiman sa a.

Enstriksyon Espesyal. [Enstriksyon sa yo aplikab sèlman si MWEN PA genyen yon Deklarasyon Testaman ki aktif.]



Lè mwen ekri premye lèt non m, mwen siyen, koche oswa mete lòt mak nan ti kare sa a, mwen bay otorizasyon presi pou ajan mwen an refize oswa, si trètman an deja kòmanse, pou retire konsantman, founiti nitrisyon oswa idratasyon atifisyèl oswa teknolojik si mwen enkonsyan yon fason pèmanan EPI doktè mwen an ak omwen yon lòt doktè ki te egzamine m rive detèmine, nan yon degre sètitud medikal rezonab, ke nitrisyon ak idratasyon atifisyèl oswa teknolojik yo bay pap rive ban mwen rekonfò oswa retire doulè mwen. [R.C. §1337.13(E)(2)(a) ak (b)]

Limit Otorite Ajan an. Mwen konprann ke gen limit nan otorite ajan mwen an nan kad lwa Ohio a:

1. Ajan mwen an pa gen otorite pou refize oswa retire konsantman enfòmè pou swen sante ki nesèsè pou ban m swen pou m konfòtab.
2. Ajan mwen an pa gen otorite pou refize oswa retire konsantman enfòmè pou swen sante si mwen ansent, si lefètke li refize a oswa fè retrè nan swen sante a t ap kanpe gwosès la, amwenske gwosès la oswa swen sante a t ap bay yon risk grav ki menase lavi m, oswa amwenske doktè ki sou mwen an ak omwen yon lòt doktè nan yon degre sètitud medikal rezonab detèmine ke fetis la ap fèt tou mouri.
3. Ajan mwen an pa ka bay lòd pou retire trètman pou kenbe fonksyon vital yo, sa gen ladann founiti nitrisyon oswa idratasyon atifisyèl oswa teknolojik, amwenske mwen nan faz tèminal oswa mwen nan yon eta enkonsyan yon fason pèmanan e gen de doktè ki te detèmine ke trètman pou kenbe fonksyon vital yo pa t ap kapab oswa patap ka kontinye rekonfòte m oswa soulaje doulè mwen.
4. Si anvan sa mwen te bay konsantman pou nenpòt swen sante, ajan mwen an pa ka retire trètman sa a amwenske kondisyon m chanje anpil nan pwen ke swen sante a prèske pa nan avantaj mwen ankò, oswa amwenske swen sante a pa rive atenn objektif ki fè mwen te chwazi swen sante a.

Enstriksyon oswa Limit Adisyonèl. Mwen ka bay enstriksyon adisyonèl oswa enpoze limit adisyonèl sou otorite ajan mwen an. Pi ba a mwen bay enstriksyon oswa limit presi yo:

[Si espas ki pi ba a pa sifi, ou ka ajoute paj adisyonèl. Si w pa genyen okenn enstriksyon adisyonèl oswa limit, ekri "Okenn" pi ba a.]

NOMINASYON RESPONSAB LEGAL

[R.C. §1337.28 (A) ak R.C. §2111.121]

[Ou ka, men ou pa oblije, itilize dokiman sa a pou nonmen yon responsab legal, si yon pwosedi responsablite legal ta dwe angaje, pou ou oswa pou byen ou.]

Mwen konprann ke nenpòt moun mwen nonmen pa oblije aksepte travay responsab legal la, e ke tribinal siksesyon an toujou konpetan sou nenpòt responsab legal. [R.C. §2111.121(C)]

Mwen konprann ke tribinal la ap onore nominasyon m nan sof pou yon bon koz oswa mwen vin pa kalifye. [R.C. §2111.121(B)]

Mwen konprann ke, si mwen deziyen yon **responsab legal pou moun nan**, travay responsab legal sa a t ap gen ladann pran desizyon chak jou sou aspè pèsònèl nan plas mwen, tankou manje, rad ak aranjman kote pou m viv, men Pwokirasyon Swen Sante sa a oswa tout pwokirasyon ki parèt annapre rete an vigè e kontwole desizyon swen sante pou mwen, amwenske tribinal la deside yon lòt bagay. Tribinal la ap detèmine limit yo, sispann oswa kanpe Pwokirasyon Swen Sante sa a oswa nenpòt lòt ki parèt annapre, si yo wè ke limit lan, sispannyon an oswa kanpe li a ap plis nan enterè m. [R.C. §1337.28 (C)]

Mwen gen entansyon pou otorite mwen bay ajan mwen an nan Pwokirasyon Swen Sante m nan pral elimine nesosite pou nenpòt tribinal deziyen yon responsab legal pou mwen.

Sepandan, si yo kòmanse pwosedi sa a, mwen nonmen moun ki pi ba a (yo) nan lòd yo parèt la kòm **responsab legal mwen**.

Lè mwen ekri premye lèt non m, mwen siyen, koche oswa mete lòt mak nan ti kare sa a, mwen nonmen ajan mwen ak ajan ranplasan mwen, si genyen, pou l se **responsab legal mwen**, nan lòd non yo parèt pi wo a.

Si mwen pa chwazi ajan mwen oswa yon ajan ranplasan pou sèvi kòm **responsab legal mwen**, mwen chwazi moun ki annapre a (yo), nan lòd sa a [*pase trè sou nenpòt liy ki pa itilize*]:

Fè yon kwa sou pati ou pa itilize yo

Non ak relasyon responsab legal mwen an: _____

Adrès: _____

Nimewo Telefòn: _____

Non ak relasyon responsab legal ranplasan mwen an: _____

Adrès: _____

Nimewo Telefòn: _____

Responsab legal byen yo vle di moun yon tribinal deziyen pou pran desizyon finansyè nan plas pasyan an, ak entèvansyon tribinal la. Responsab legal byen yo dwe gen yon lyen, amwenske lyen an jwenn dispans alekri oswa tribinal la wè li pa nesèsè.

Lè mwen ekri premye lèt non m, mwen siyen, koche oswa mete lòt mak nan ti kare sa a, mwen nonmen ajan mwen oswa ajan ranplasan mwen, si genyen, pou l se **responsab legal byen mwen**, nan lòd non yo parèt pi wo a.

Si mwen pa chwazi ajan mwen oswa yon ajan ranplasan pou sèvi kòm **responsab legal byen mwen**, mwen chwazi moun ki annapre a (yo), nan lòd sa a [*pase trè sou nenpòt liy ki pa itilize*]:

Fè yon kwa sou pati ou pa itilize yo

Responsab legal byen mwen ak relasyon: _____

Adrès: _____

Nimewo Telefòn: _____

Ranplasan responsab legal byen mwen ak relasyon: _____

Adrès: _____

Nimewo Telefòn: _____

Lè mwen ekri premye lèt non m, mwen siyen, koche oswa mete lòt mak nan ti kare sa a, mwen mande pou lyen an dispans pou responsab legal oswa ranplasan **responsab legal byen mwen**. [R.C. §1337.28 (B)]

Si mwen **pa** mete okenn mak nan ti kare sa a, sa vle di mwen atann pou responsab legal oswa ranplasan responsab legal byen mwen gen yon lyen. [R.C. §1337.28 (B)]

Pa gen dat ekspirasyon. Pwokirasyon Swen Sante sa a pa gen dat ekspirasyon e li pap afekte pa andikap mwen oswa tan k ap pase.

Aplikasyon pa Ajan an. Ajan mwen ka fè pou mwen, sou kont mwen, nenpòt aksyon ajan mwen an konsidere ki bon pou fè aplike sa mwen swete nan kad dokiman sa a.

Retire Responsablite Pèsonèl Ajan an. Ajan mwen an pap responsab devan m oswa nenpòt lòt moun pou okenn mankman nan travay yo amwenske mankman nan travay sa yo te fè yon fason malonèt, ak move entansyon, oswa ak endiferans ensousyan de objektif dokiman sa a oswa si sa plis nan enterè mwen. [R.C. §1337.35]

Kopi yo se Menm ak Orijinal la. Nenpòt moun ka konte sou yon kopi dokiman sa a. [R.C. §1337.26(D)]

Aplikasyon Deyò Eta a. Mwen gen entansyon pou dokiman sa a onore nan nenpòt jiridiksyon nan limit lalwa pèmèt sa. [R.C. §1337.26(C)]

Mwen te ranpli yon **Deklarasyon Testaman**:

Wi Non

SIYATI MOUN PRENSIPAL LA

Mwen konprann ke mwen responsab pou m pale ak manm fanmi m ak doktè m, avoka m, konseye relijye m ak lòt moun konsènan Pwokirasyon Swen Sante sa a. Mwen konprann mwen ka bay nenpòt moun kopi Pwokirasyon Swen Sante sa a.

Mwen konprann ke mwen ka mete yon kopi Pwokirasyon Swen Sante sa a nan tribinal siksesyon an pou sekirite. [R.C. §1337.12(E)(3)]

Mwen konprann ke mwen dwe siyen Pwokirasyon Swen Sante sa a epi mete dat mwen siyen lan, e lè m ap siyen an dwe gen omwen de granmoun ki temwen ki kalifye pou yo sèvi kòm temwen lè m ap siyen an OSWA mwen dwe siyen devan yon notè piblik. [R.C. §1337.12]

Mwen siyen non m sou Pwokirasyon pou Swen Sante sa a

nan dat _____, nan _____, Ohio.

Moun prensipal la

[Chwazi Temwen OSWA Siyati yon Notè.]

TEMWEN [R.C. §1337.12(B)]

[Moun ki annapre yo PA KA sèvi kòm temwen sou Pwokirasyon Swen Sante sa a:

- *Ajan ou a, si genyen;*
- *Responsab legal ou menm oswa byen w, si genyen;*
- *Nenpòt ajan ranplasan oswa siksesè oswa responsab legal, si genyen;*
- *Nenpòt moun ki gen lyen avè w nan san, maryaj, oswa adopsyon (pa egzanp, madanm ou oswa pitit ou);*
- *Doktè ki responsab la; epi*
- *Administratè nenpòt mezon retrèt kote w ap resevwa swen.]*

Mwen ateste ke se moun prensipal la ki te siyen oswa konfime Pwokirasyon Swen Sante sa a nan prezans mwen, epi li sanble li gen bon sante mantal epi li pa gen okenn bagay k ap fòse l, li pa nan fwod, oswa anba enfliyans yon bagay kèlkonk.

_____/_____/_____
Siyati Premye Temwen an / Non Premye Temwen an ak / Dat
Lèt Detache

Adrès Premye Temwen an

_____/_____/_____
Siyati Dezyèm Temwen an / Non Dezyèm Temwen an ak / Dat
Lèt Detache

Adrès Dezyèm Temwen an

OSWA, si pa gen okenn temwen:

SIYATI NOTÈ [R.C. §1337.12]

Eta Ohio

Konte _____ ss.

Nan dat _____, devan mwen, notè piblik ki siyen anba a, ki parèt an pèsòn

_____, moun prensipal ki sou Pwokirasyon Swen Sante a, e ki rekonèt li te egzekite l nan menm objektif ki eksprime ladann nan. Mwen ateste ke moun prensipal la sanble li gen bon sante mantal epi li pa gen okenn bagay k ap fòse l, li pa nan fwod, oswa anba enfliyans yon bagay kèlkonk.

Notè Piblik

Komisyon Mwen ap Ekspire: _____

Komisyon Mwen an Pèmanan

© Out 2016. Ka reyenprime epi kopye pou itilizasyon piblik, avoka, doktè ak osteyopat, lopital, bawo, sosyete medikal epi òganizasyon ak asosyasyon ki pap fè lajan. Yo pa ka fè kopi pou komès pou yo ta vann pou fè lajan.

AVI POU GRANMOUN K AP EGZEKITE DOKIMAN SA A

Se yon dokiman jiridik ki enpòtan. Anvan ou egzekite dokiman sa a, ou sipoze konnen reyalite sa yo:

Dokiman sa a bay moun ou deziyen an (avoka a an reyalite) pouvwa pou l pran PIFÒ desizyon swen sante pou ou si w pèdi kapasite pou w pran desizyon swen sante ki enfòm pou tèt ou. Pouvwa sa a antre an vigè sèlman lè doktè ki sou ou a detèmine ke ou pèdi kapasite pou w pran desizyon swen sante ki enfòm pou tèt ou epi, malgre dokiman sa a, toutotan ou gen kapasite pou w pran desizyon swen sante ki enfòm pou tèt ou, ou konsève dwa pou w pran tout desizyon medikal ak lòt desizyon swen sante ki enfòm pou tèt ou.

Ou ka mete nan dokiman sa a limit presi sou otorite avoka a an reyalite pou w pran desizyon swen sante pou tèt ou.

Selon nenpòt limit presi ou mete nan dokiman sa a, si doktè ki sou ou a detèmine ke ou pèdi kapasite pou w pran desizyon enfòm sou sa ki gen rapò ak swen sante, avoka a an reyalite AN JENERAL ap otorize sou baz dokiman sa a pou pran desizyon swen sante pou ou nan menm limit ou t ap pran desizyon sa yo pou tèt ou, si w te gen kapasite pou w fè sa. Otorite avoka a an reyalite pou pran desizyon pou ou AN JENERAL ap gen ladann otorite pou bay konsantman enfòm, pou refize bay konsantman enfòm, oswa pou retire konsantman enfòm pou nenpòt swen, trètman, sèvis, oswa pwosedi pou kenbe, dyagnostike, oswa trete yon kondisyon fizik oswa mantal.

SEPANDAN, menm si avoka a an reyalite gen otorite jeneral pou l pran desizyon swen sante pou ou sou baz dokiman sa a, avoka a an reyalite PAP JANM otorize pou l fè okenn nan sa ki annapre yo:

(1) Refize oswa retire konsantman enfòm pou trètman k ap kenbe fonksyon vital yo, amwenske doktè ki sou ou a ak yon lòt doktè ki egzamine w detèmine, nan yon degre sètitud medikal ki rezonab epi ann akò ak estanda medikal ki rezonab yo, toude nan sa ki annapre yo aplikab:

(a) Ou gen yon pwoblèm ki pa ka rezoud, ki pa ka geri e ki pa ka trete ki rive akòz pwoblèm, maladi, oswa blese ki vin fè

(i) pa kapab gen retablisman epi

(ii) w ap plis ka mouri nan yon ti tan ki pa long si yo pa ba ou trètman ki pou kenbe fonksyon vital yo, e doktè k ap okipe w la detèmine anplis desa, nan yon degre sètitud medikal ki rezonab e ann akò ak estanda medikal rezonab yo, ke pa genyen okenn posiblite rezonab pou w rejwenn kapasite pou w pran desizyon swen sante enfòm pou tèt ou.

(b) Ou nan yon eta enkonsyan pèmanan ki karakterize pa lefètke pa gen mwayen pou w tounen vin konn kiyès ou ye ak sa k ap pase nan anviwònman ou e ou pèdi tout fonksyon serebral, sa ki vin fè ou pa gen okenn kapasite pou w santi doulè oswa soufri, e anplis de sa doktè ki sou ou a detmine, nan yon degre sètitud medikal ki rezonab e ann akò ak estanda medikal rezonab yo, ke pa genyen okenn posiblite rezonab pou w rejwenn kapasite pou w pran desizyon swen sante enfòm pou tèt ou;

(2) Refize oswa retire konsantman pou swen sante ki nesèsè pou ba ou swen ki pou rekonfòte w (sof ke, si avoka a an reyalite pa gen entèdiksyon pou l fè sa sou baz (4) ki pi ba a, avoka a an jeneral ka refize oswa retire konsantman enfòm pou founi nitrisyon oswa idratasyon pou ou jan sa dekri sou baz (4) ki pi ba a). **(Ou sipoze konprann ke swen pou ba ou rekonfò ki defini nan lwa Ohio a vle di bay soutyen (nitrisyon) oswa likid (idratasyon) atifisyèl oswa teknolojik lè yo bay yo pou diminye doulè oswa enkonfò, men se pa pou yo repòte lanmò ou, ak okenn lòt pwosedi medikal oswa enfimye, trètman, entèvansyon, oswa lòt mezi ke yo t ap pran pou diminye doulè oswa enkonfò ou, men se pa pou yo repòte lanmò ou. An konsekans, si doktè ki sou ou a te detèmine ke yon pwosedi medikal oswa enfimye yo te deja dekri, trètman, entèvansyon, oswa lòt mezi pap kapab oswa pap kontinye sèvi pou ba ou rekonfò oswa soulaje doulè w, aprè sa, sou baz (4) ki pi ba a, avoka ou a an reyalite t ap otorize pou l refize oswa retire konsantman enfòm pou pwosedi, trètman, entèvansyon, oswa lòt mezi.);**

Avi jan Kòd Revize Ohio a mande sa §1337.17

(3) Refize oswa retire konsantman enfòm pou swen sante si ou ansent ak si lefètke ou refize a oswa fè retrè a sa t ap kanpe gwoès la (amwenske gwoès la oswa swen sante a t ap bay yon risk grav ki menase lavi w, oswa amwenske doktè ki sou mwen an ak omwen yon lòt doktè ki egzamine w detèmine, nan yon degre sètitud medikal rezonab e ann akò ak estanda medikal rezonab yo, ke fetis la ap fèt tou mouri);

(4) Refize oswa retire konsantman enfòm pou founi soutyen (nitrisyon) oswa likid (idratasyon) atifisyèl oswa teknolojik pou ou, amwenske:

(a) Ou nan yon faz tèminal oswa nan yon eta enkonsyan pèmanan.

(b) Doktè k ap okipe w la ak omwen yon lòt doktè ki egzamine w detèmine, nan yon degre sètitud medikal ki rezonab epi ann akò ak estanda medikal ki rezonab yo, ke nitrisyon oswa idratasyon pap kapab oswa pap kontinye sèvi pou ba ou rekonfò oswa soulaje doulè w.

(c) Si, men sèlman si, ou nan yon eta enkonsyan pèmanan, ou otorize avoka a an reyalite pou refize oswa retire konsantman enfòm pou founi nitrisyon oswa idratasyon pou ou lè yo ba ou toude sa ki annapre yo ki nan dokiman sa a:

(i) Sa gen ladann yon deklarasyon an lèt majiskil oswa lòt ekriti vizib, sa gen ladann, men se pa sa sèlman, diferan karaktè, sa ki pi gwo, oswa karaktè gra, ke avoka a an reyalite ka refize oswa retire konsantman enfòm pou founi nitrisyon oswa idratasyon pou ou si w nan yon eta enkonsyan pèmanan e si yo detèmine ke nitrisyon oswa idratasyon pap kapab oswa pap kontinye sèvi pou ba ou rekonfò oswa soulaje doulè w ki fèt, oswa tcheke oswa fè yon mak sou ti kare oswa liy (si genyen) ki sou kote yon deklarasyon menm jan an sou dokiman sa a;

(ii) Mete premye lèt non w oswa siyati w anba oswa sou kote deklarasyon an, tcheke, oswa lòt mak yo te dekri anvan sa.

(d) Doktè ki sou ou a detèmine, an tout bòn fwa, ke ou otorize avoka a an reyalite pou refize oswa retire konsantman enfòm pou founi nitrisyon oswa idratasyon pou ou si ou nan yon eta enkonsyan pèmanan lè w konfòm w ak egzijans ki pi wo a nan (4)(c)(i) ak (ii) anlè a.

(5) Retire konsantman enfòm pou nenpòt swen sante ou te bay konsantman ou pou li anvan sa, amwenske yon chanjman nan kondisyon fizik ou diminye anpil avantaj swen sante sa a pou ou, oswa amwenske swen sante a pap, oswa pa kontinye, efikas anpil nan atenn objektif ou te bay konsantman w pou li a.

Anplis desa, lè l ap egzèse otorite l pou pran desizyon swen sante pou ou, avoka a an reyalite ap oblije byen suiv sa ou vle yo, si yo pa konn sa ou vle, pou aji nan pi bon enterè ou. Ou ka eksprime dezi ou bay avoka a an reyalite lè w mete yo nan dokiman sa a oswa lè w fè avoka a an reyalite konnen yon lòt fason.

Lè w ap aji nan kad dokiman sa a, avoka a an reyalite AN JENERAL ap genyen menm dwa ke ou genyen pou w resevwa enfòmasyon konsènan swen sante ki pwopoze a, pou revize dosye swen sante yo, epi bay konsantman pou piblikasyon dosye swen sante yo. Ou ka limite dwa sa a nan dokiman sa a si se sa ou chwazi.

An jeneral, ou ka deziyen nenpòt granmoun konpetan kòm avoka reyèl nan kad dokiman sa a. Sepandan, ou PA KA deziyen doktè ki sou ou a oswa administratè nenpòt mezon retrèt kote w ap resevwa swen antanke avoka reyèl nan kad dokiman sa a. Anplis de sa, ou PA KA deziyen yon anplwaye oswa ajan doktè ki sou ou a, oswa yon anplwaye oswa ajan yon etablisman swen sante kote y ap trete w, antanke avoka reyèl nan kad dokiman sa a, amwenske kalite anplwaye oswa ajan an se yon granmoun konpetan e ki lye avè w nan san, maryaj, oswa adopsyon, oswa amwenske kalite anplwaye oswa ajan an se yon granmoun konpetan e ou menm ak anplwaye a oswa ajan an se manm nan menm gwoup relijye.

Avi jan Kòd Revize Ohio a mande sa §1337.17

Dokiman sa a pa gen dat ekspirasyon nan lwa Ohio a, men ou ka chwazi presize yon dat kote pwokirasyon pou swen sante w la ap ekspire. Sepandan, si w presize yon dat ekspirasyon epi aprè sa ou manke kapasite pou w pran desizyon ki enfòm pou tèt ou nan dat sa a, dokiman an ak pouvwa li bay avoka reyèl ou a ap kontinye rete an vigè jiskaske ou rejwenn kapasite pou w pran desizyon swen sante enfòm pou tèt ou.

Ou gen dwa pou w retire deziyasyon avoka reyèl la ak dwa pou w retire dokiman sa a ann antye nenpòt lè nenpòt fason. Nenpòt bagay ou retire konsa an jeneral ap antre an vigè lè ou ekspriye entansyon w pou w retire l la. Sepandan, si ou fè doktè ki sou ou a konnen dokiman sa a egziste, nenpòt lè ou retire l konsa sa ap antre an vigè sèlman lè ou kominike li bay doktè ki sou ou a, oswa lè yon moun ki temwen lè ou retire l la oswa lòt pèsonèl swen sante ke ou kominike pou di ou retire l la pa mwayen yon temwen konsa kominike l bay doktè ki sou ou a.

Si w egzekite dokiman sa a epi w kreye yon pwokirasyon dirab valid pou swen sante avè l, l ap revoke nenpòt sa ki te la anvan, pwokirasyon dirab valid pou swen sante ke ou te kreye, amwenske ou di yon lòt bagay nan dokiman sa a.

Dokiman sa a pa valid kòm yon pwokirasyon dirab pou swen sante amwenske li siyen devan yon notè piblik oswa li siyen pa omwen de temwen granmoun ki prezan lè w ap siyen an oswa lè ou rekonèt siyati w. Okenn moun ki gen lye avè w nan san, maryaj, oswa adopsyon pa ka yon temwen. Avoka reyèl la, doktè ki sou ou a, ak administratè nenpòt mezon retrèt kote w ap resevwa swen tou pa kalifye pou yo temwen. Si gen nenpòt bagay konsènan dokiman sa a ke ou pa konprann, ou sipoze mande avoka w la pou eksplike w li.

Avi jan Kòd Revize Ohio a mande sa §1337.17

ANÈKS

Avi sa a pat gen mizajou lè kèk dispozisyon nan lwa sou Pwokirasyon Swen Sante a te chanje nan mwa Mas 2014. Tanpri sonje chanjman ki annapre yo:

Ou ka, men ou pa oblije, otorize ajan w lan pou l pran enfòmasyon sou sante w, sa gen ladann enfòmasyon ki pwoteje pa lalwa sinon yo pap disponib pou ajan w lan. Ou ka otorize ajan w lan pou l jwenn aksè ak enfòmasyon sante w imedyatman ou fin siyen dokiman sa a oswa nenpòt lè aprè sa, menmsi ou toujou ka pran pwòp desizyon w nan kesyon swen sante.

Epitou ou ka, men ou pa oblije, itilize dokiman sa a pou nonmen responsab legal pou ou oswa pou byen w si yon pwosedi responsablite legal ta dwe angaje.

© Out 2016. Ka reyenprime epi kopye pou itilizasyon piblik, avoka, doktè ak osteyopat, lopital, bawo, sosyete medikal epi òganizasyon ak asosyasyon ki pap fè lajan. Yo pa ka fè kopi pou komès pou yo ta vann pou fè lajan.

Deklarasyon Testaman Biyolojik nan Eta Ohio Avi pou Moun ki fè Deklarasyon an

Objektif Deklarasyon Testaman sa a se pou dokimante volonte w pou trètman pou kenbe fonksyon vital yo, sa gen ladann founi nitrisyon ak idratasyon atifisyèl oswa teknolojik, yo sispann oswa retire si w pa ka pran desizyon medikal enfòmè epi ou nan yon faz tèminal oswa ou nan yon eta enkonsyan pèmanan. Deklarasyon Testaman sa a pa afekte responsablite pèsònèl swen sante yo pou ba ou swen pou rekonfòte w. Swen rekonfò vle di nenpòt mezi pou diminye doulè oswa enkonfò, men se pa pou repòte moman lanmò.

Si ou pa tap chwazi okenn oswa tout fòm trètman pou kenbe fonksyon vital yo, sa gen ladann CPR, ou gen dwa legal pou w chwazi fè sa e ou ka vle mete preferans trètman medikal ou yo pa ekri nan yon lòt dokiman.

Nan lwa Ohio, yon Deklarasyon Testaman aplikab **sèlman pou moun ki nan yon faz tèminal oswa nan yon eta enkonsyan pèmanan**. Si ou vle bay direktiv pou trètman medikal nan lòt sikonstans, ou sipoze prepare yon Pwokirasyon Swen Sante. Si ou nan yon faz tèminal oswa nan yon eta enkonsyan pèmanan, Deklarasyon Testaman sa a gen priyorite sou yon Pwokirasyon Swen Sante.

[Ou sipoze konsidere ranpli yon nouvo Deklarasyon Testaman si kondisyon medikal ou chanje oswa si aprè sa ou deside ranpli yon Pwokirasyon Swen Sante. Si ou genyen ni yon Deklarasyon Testaman ni yon Pwokirasyon Swen Sante, ou sipoze kenbe kopi dokiman sa yo ansanm. Mache ak dokiman w yo nenpòt lè ou se yon pasyan nan yon etablisman swen sante oswa lè ou fè mizajou nan dosye medikal ou ak yon doktè.]



Ohio

Deklarasyon Testaman Biyolojik

[R.C. §2133]

(Non Konplè)

(Dat Nesans)

Sa a se Deklarasyon Testaman mwen. Mwen revoke tout Deklarasyon Testaman Biyolojik ki te la anvan mwen te siyen. Mwen konprann nati ak objektif dokiman sa a. Si yo jije yon dispozisyon envalid oswa inaplikab, li pa dwe afekte rès dokiman sa a.

Mwen gen bon sante mantal epi mwen pa gen okenn bagay k ap fòse m, mwen pa nan fwod, oswa anba enfliyans yon bagay kèlkonk. Mwen se yon granmoun konpetan ki konprann epi aksepte konsekans aksyon sa a. Mwen volontèman deklare direktiv pou si m ap mouri yo pa bezwen pwolonje lavin m yon fason atifisyèl. [R.C. §2133.02 (A)(1)]

Mwen gen entansyon pou Deklarasyon Testaman sa a onore pa fanmi m ak doktè yo kòm dènye volontè dwa legal mwen genyen pou m refize kèk swen sante. [R.C. §2133.03(B)(2)]

Definisyon

Granmoun vle di yon moun ki gen 18 tan ane oswa plis.

Ajan oswa avoka - an reyalite - vle di yon granmoun konpetan ke yon moun (moun "prensipal" la) ka nonmen nan kad yon Pwokirasyon Swen Sante pou pran desizyon swen sante pou moun prensipal la.

Kado anatomik vle di fè don yon pati oswa tout kò yon moun pou antre an vigè aprè donè a fin mouri nan objektif transplantasyon, terapi, rechèch oswa edikasyon.

Nitrisyon oswa idratasyon atifisyèl oswa teknolojik vle di manje ak likid ke yo bay nan venn oswa tib manje. [Ou ka refize oswa pa kontinye ak yon tib manje, oswa otorize ajan Pwokirasyon Swen Sante w la pou l refize oswa pa kontinye nitrisyon oswa idratasyon atifisyèl.]

Swen konfò vle di nenpòt mezi, pwosedi medikal oswa enfimyè, trètman oswa entèvansyon, sa gen ladann nitrisyon ak/oswa idratasyon, ke yo fè pou diminye doulè oswa enkonfò yon pasyan, men se pa pou repòte lanmò.

CPR vle di rezirèksyon kadyopilmonè, se yonn nan plizyè fason pou fè yon moun kòmanse respire oswa fè kè l bat lè li te kanpe. Li pa gen ladann netwaye vwa respiratwa yon moun pou yon lòt rezon ki pa rezirèksyon.

Moun ki fè deklarasyon vle di moun ki siyen Deklarasyon Testaman an.

Lòd Pou Pa Resisite oswa DNR vle di lòd medikal yon doktè ki ekri nan dosye yon pasyan pou di ke pasyan an pa sipoze resevwa rezirèksyon kadyopilmonè.

Swen sante vle di nenpòt swen, trètman, sèvis oswa pwosedi pou kenbe, dyagnostike oswa trete sante fizik oswa mantal yon moun.

Desizyon swen sante vle di bay konsantman enfòmè, refize bay konsantman enfòmè, oswa retire konsantman enfòmè pou swen sante.

Pwokirasyon Swen Sante vle di yon dokiman legal ki kite moun prensipal la otorize yon ajan pou pran desizyon swen sante pou moun prensipal la nan pifò sitiyasyon swen sante lè moun prensipal la pa ka pran desizyon sa yo ankò. Epitou moun prensipal la ka otorize ajan an pou rasanble enfòmasyon sante ki pwoteje pou ak nan plas moun prensipal la menm kote a oswa nenpòt lè. Yon Pwokirasyon pou Swen Sante se PA yon pwokirasyon finansyè.

Dokiman Pwokirasyon Swen Sante a ka sèvi tou pou nonmen moun pou aji antanke responsab legal pou moun oswa byen prensipal la. Menmsi yon tribinal nonmen yon responsab legal pou moun prensipal la, Pwokirasyon Swen Sante a rete an vigè amwenske tribinal la deside yon lòt bagay.

Trètman pou kenbe fonksyon vital yo vle di nenpòt pwosedi medikal, trètman, entèvansyon oswa lòt mezi, lè yo bay yon pasyan yo, sa l plis fè se pwolonje pwosesis lanmò a.

Deklarasyon Testaman vle di yon dokiman legal ki kite se yon granmoun konpetan (“moun ki fè deklarasyon an”) ki presize ki swen sante moun ki fè deklarasyon an vle oswa pa vle lè li vin malad nan faz tèminal oswa enkonsyan yon fason pèmanan e li pa ka di kisa li ta vle ankò. Li PA e li pa ranplase yon testaman, ke yo itilize pou deziyen yon egzekitè pou jere byen yon moun aprè li fin mouri.

Eta enkonsyan pèmanan vle di yon kondisyon ki pa ka chanje kote pasyan an pa konn anyen de tèt li ak ozalantou li yon fason pèmanan. Omwen de medsen dwe egzamine pasyan an epi dakò ke pasyan an pèdi nèt tout fonksyon prensipal sèvo a e li pa ka ni soufri ni santi doulè.

Moun prensipal vle di yon granmoun konpetan ki siyen yon Pwokirasyon Swen Sante.

Faz tèminal vle di yon kondisyon ki pa ka chanje, ki pa ka geri, e ki pa ka trete akòz yon maladi, pwoblèm sante oswa blese apati de sa, nan yon degre sètitud medikal ki rezonab jan yo detèmine sa ann akò ak estanda medikal ki rezonab yo pa mwayen yon doktè ki sou moun ki fè deklarasyon an ak yon lòt doktè ki te egzamine moun ki fè deklarasyon an, toude nan sa ki annapre yo aplikab: (1) pa ka gen rekouvremant epi (2) moun sa a plis ka mouri nan yon espas tan ki pa lwen si yo pa ba li trètman pou kenbe fonksyon vital yo.

Pa Gen Dat Ekspirasyon. Deklarasyon Testaman sa a pap gen dat ekspirasyon. Sepandan, mwen ka revoke l nenpòt lè. [R.C. §2133.04(A)]

Kopi yo se Menm ak Orijinal la. Nenpòt moun ka konte sou yon kopi dokiman sa a. [R.C. §2133.02(C)]

Aplikasyon Deyò Eta a. Mwen gen entansyon pou dokiman sa a onore nan nenpòt jiridiksyon nan limit lalwa pèmèt sa. [R.C. §2133.14]

Mwen te ranpli yon **Pwokirasyon pou Swen Sante:** Wi Non

Notifikasyon. [Nòt: *Ou pa bezwen nonmen okenn moun. Si ou pa nonmen okenn moun, lalwa egzije doktè ki sou ou a pou l fè yon efò rezonab pou l kontakte yonn nan moun ki annapre yo nan lòd yo parèt la: responsab legal ou a, konjwen w, pitit ou ki granmoun ki disponib, paran w, oswa pifò frè w ak sè w yo ki granmoun ki disponib.*]

Nan ka kote doktè ki sou mwen an detèmine trètman ki kenbe fonksyon vital yo sipoze kanpe oswa retire, doktè m nan sipoze fè yon efò rezonab pou kontakte yonn nan moun non yo parèt pi ba a, nan lòd priyorite ki annapre a [*pase trè sou nenpòt liy ki pa itilize*]: [R.C. §2133.05(2)(a)]

Fè yon kwa sou pati ou pa itilize yo	Non ak kisa premye kontak la ye pou ou: _____
	Adrès: _____
	Nimewo Telefòn: _____
	Non ak relasyon dezyèm kontak la: _____
	Adrès: _____
	Nimewo Telefòn: _____
	Non ak relasyon twazyèm kontak la: _____
	Adrès: _____
	Nimewo Telefòn: _____

Si mwen nan yon **FAZ TÈMINAL** e mwen pa ka pran pwòp desizyon swen sante m, OSWA si mwen nan yon **ETA ENKONSYAN PÈMANAN** e pa gen posiblite rezonab pou mwen rejwenn kapasite pou m pran desizyon ki enfòmè, alò mwen bay doktè m nan direktiv pou l kite m mouri yon fason natirèl, pou l ban mwen sèlman **swen konfò**.

Nan objektif pou banmwèn swen konfò, mwèn otorize doktè m nan pou li:

1. Pa administre trètman pou kenbe fonksyon vital yo, sa gen ladann CPR;
2. Sispann oswa retire nitrasyon oswa idratasyon founi sou fòm atifisyèl oswa teknolojik, etandone, si mwèn nan yon eta enkonsyan pèmanan, mwèn te otorize sispansyon oswa retrè sa a nan kad **Enstriksyon Espesyal** ki pi ba a e lòt kondisyon yo ranpli;
3. Bay yon Lòd DNR; epi
4. Pa poze aksyon pou repòte lanmò m, pou l ban mwèn sèlman swen ki nesèsè pou fè m konfòtab epi soulaje doulè m.

Enstriksyon Espesyal.



Lè mwèn ekri premye lèt non m, mwèn siyen, koche oswa mete lòt mak nan ti kare sa a, mwèn bay otorizasyon presi pou doktè m nan sispann, oswa si trètman an deja kòmanse, pou retire konsantman pou founiti nitrasyon atifisyèl oswa teknolojik oswa idratasyon si m nan yon eta enkonsyan pèmanan EPI doktè mwèn an ak omwèn yon lòt doktè ki te egzamine m rive detèmine, nan yon degre sètitud medikal rezonab, ke nitrasyon ak idratasyon atifisyèl oswa teknolojik yo bay pap rive ban mwèn rekonfò oswa retire doulè mwèn. [R.C. §2133.02(A)(3) and R.C. §2133.08]

Enstriksyon oswa limit adisyonèl.

[Si espas ki pi ba a pa sifi, ou ka ajoute paj adisyonèl.]

Si w pa genyen okenn enstriksyon adisyonèl oswa limit, ekri "Okenn" pi ba a.]

[Langaj "don anatomik" la yo pale pi ba a egzije pa ORC §2133.07(C). Bay Lavi nan Ohio (Donate Life Ohio) rekòmande pou w endike otorizasyon pou ou se yon donè ògàn, tisi oswa kòne nan Biwo Sikilasyon Ohio (Ohio Bureau of Motor Vehicles) a lè w resevwa yon pèmi pou kondui oswa, si w vle mete restriksyon sou don ou yo, sou yon Fòm Enskripsyon Rejis Donè (ki atache) ke ou voye nan Biwo Sikilasyon Ohio a.]

[Si w itilize testaman sa a pou deklare otorizasyon w, endike ògàn ak/oswa tisi ou vle bay epi pase trè sou nenpòt objektif ou pa otorize yo itilize don w lan pou li. Tanpri gade Fòm Enskripsyon Rejis Donè ki atache a pou w jwenn èd nan domèn sa a. Nan tout ka yo, fè fanmi w konnen ve ou deklare pou don yo.]

DON ANATOMIK (pa obligatwa)

Nan espwa pou mwen ka ede lòt moun lè m mouri, mwen bay la a pati nan kò ki annapre yo nan objektif ki annapre yo: *[Ranpli toute seksyon yo.]*

Seksyon 1. Pati nan Kò. Koche "Tout ògàn, tisi ak je" oswa tout sa ki aplikab anba ti kare sa a.

Tout ògàn, tisi ak je. Si w koche ti kare sa a, pa koche okenn lòt ti kare nan Seksyon 1 an epi kontinye nan Seksyon 2 a.

- | | | | |
|--|-----------------------------------|---|---|
| <input type="checkbox"/> Kè | <input type="checkbox"/> Poumon | <input type="checkbox"/> Fwa (ak veso ki asosye yo) | <input type="checkbox"/> Selil Pankreya/Ilo |
| <input type="checkbox"/> Entesten Grèl | <input type="checkbox"/> Entesten | <input type="checkbox"/> Ren (ak veso ki asosye yo) | <input type="checkbox"/> Je/Kòne |
| <input type="checkbox"/> Vàn Kè | <input type="checkbox"/> Zo | <input type="checkbox"/> Tandon | <input type="checkbox"/> Ligaman |
| <input type="checkbox"/> Venn | <input type="checkbox"/> Fasad | <input type="checkbox"/> Po | <input type="checkbox"/> Nè |

Seksyon 2. Objektif yo. Koche "Tout objektif" oswa tout sa ki aplikab anba ti kare sa a.

Tout objektif yo. Si w koche ti kare sa a, pa koche okenn lòt ti kare pi ba a.

Transplantasyon Terapi Rechèch Edikasyon

Si mwen pa endike yon dezi pou m fè don tout oswa kèk pati nan kò m lè m ranpli liy ki pi wo yo, yo p ap sipoze anyen konsènan dezi mwen pou m fè oswa refize fè yon don anatomik.

SIYATI MOUN KI FÈ DEKLARASYON AN

Mwen konprann ke mwen responsab pou m pale ak manm fanmi m, ajan mwen site non l nan Pwokirasyon Swen Sante mwen an (si m gen youn), doktè m, avoka m, konseye relijye m ak lòt moun konsènan Deklarasyon Testaman sa a. Mwen konprann mwen ka bay nenpòt moun kopi Deklarasyon Testaman sa a.

Mwen konprann ke mwen dwe siyen (oswa mande yon moun siyen pou mwen) Deklarasyon Testaman sa a epi mete dat mwen siyen l lan, e lè m ap siyen an dwe gen omwen de granmoun ki temwen ki kalifye pou yo sèvi kòm temwen lè m ap siyen an OSWA mwen dwe siyen devan yon notè piblik. [R.C. §2133.02]

Mwen siyen non m sou Deklarasyon Testaman Biyolojik sa a

nan dat _____, nan _____, Ohio.

Moun ki fè Deklarasyon an

[Chwazi Temwen OSWA Siyati yon Notè.]

TEMWEN [R.C. §2133.02(B)(1)]

[Moun ki annapre yo PA KA sèvi kòm temwen sou Deklarasyon Testaman sa a:

- *Ajan w lan nan Pwokirasyon pou Swen Sante a, si genyen;*
- *Responsab legal ou menm oswa byen w, si genyen;*

- *Nenpòt ajan ranplasan oswa responsab legal, si genyen;*
- *Nenpòt moun ki gen lyen avè w nan san, maryaj oswa adopsyon (pa egzanp, konjwen ou ak pitit ou);*
- *Doktè ki responsab la; epi*
- *Administratè mezon retrèt kote w ap resevwa swen.]*

Mwen ateste ke moun ki fè Deklarasyon an oswa konfime Deklarasyon Testaman sa a nan prezans mwen, epi moun ki fè Deklarasyon an sanble li gen bon sante mantal epi li pa gen okenn bagay k ap fòse l, li pa nan fwod oswa anba enfliyans yon bagay kèlkonk.

_____/_____/_____
 Siyati Premye Temwen an / Non Premye Temwen an ak / Dat
 Lèt Detache

 Adrès Premye Temwen an

_____/_____/_____
 Siyati Dezyèm Temwen an / Non Dezyèm Temwen an ak / Dat
 Lèt Detache

 Adrès Dezyèm Temwen an

OSWA, si pa gen okenn temwen,

SIYATI NOTÈ [R.C. §2133.02(B)(2)]

Eta Ohio

Konte _____ ss.

Nan dat _____, devan mwen, notè piblik ki siyen anba a, ki parèt an pèsòn _____, moun ki fè deklarasyon sou Deklarasyon Testaman ki pi wo a, e ki rekonèt li te egzekite l nan menm objektif ki ekspri ladann nan. Mwen ateste ke moun ki fè deklarasyon an sanble li gen bon sante mantal epi li pa gen okenn bagay k ap fòse l, li pa nan fwod, oswa anba enfliyans yon sibstans kèlkonk.

 Notè Piblik

Komisyon Mwen ap Ekspire: _____

Komisyon Mwen an Pèmanan

© Out 2016. Ka reyenprime epi kopye pou itilizasyon piblik, avoka, doktè ak osteyopat, lopital, bawo, sosyete medikal epi òganizasyon ak asosyasyon ki pap fè lajan. Yo pa ka fè kopi pou komès pou yo ta vann pou fè lajan.

Eta Ohio

Avi pou Moun ki fè Deklarasyon an Fòm Enskripsyon Rejis Donè

Objektif Fòm Enskripsyon Rejis Donè a se pou dokimante volonte w pou fè don ògàn, tisi ak/oswa kòne lè ou mouri.

Fòm sa a dwe ranpli sèlman si ou **PAT** deja enskri kòm yon donè nan Biwo Sikilasyon (Bureau of Motor Vehicles, BMV) Ohio a lè w t ap renouvle lisans ou oswa kat idantifikasyon eta a; anliy sou sit entènèt BMV a; oswa anvan sa ak yon fòm sou papye. Si w ta renmen fè yon don anatomik oswa modifye yon enskripsyon ki deja egziste fòm sa a dwe al jwenn BMV a pou asire volonte w pou ògàn, tisi ak/oswa kòne a onore. Dokiman sa a ap sèvi kòm otorizasyon ou pou yo pran ògàn, tisi ak/oswa kòne ou te endike yo lè ou mouri, si li posib nan domèn medikal.

Lè w soumèt fòm sa a volonte w ap anrejistre nan Rejis Donè Ohio a ke yo kenbe nan BMV a e l ap aksesib sèlman pou ajans rekouvremant ògàn, tisi ak kòne yo nan moman ou mouri. Ou ankouraje pou w pataje volonte w ak moun ki pwòch ou konsa y ap konnen entansyon w pou w se yon donè.

Fòm sa a ka sèvi tou pou amande oswa revoke volonte w pou fè don. Lè w fin ranpli fòm nan ou sipoze voye l pa lapòs nan:

Ohio Bureau of Motor Vehicles
Attn: Records Request
P. O. Box 16583
Columbus, OH 43216---6583

Kesyon moun poze souvan konsènan don ògàn, tisi ak kòne yo parèt sou paj twa nan seksyon sa a. Si w gen kesyon ki pi presi, enfòmasyon kontak pou ajans rekouvremant ògàn ak tisi eta a nan lis la tou, e yo ankouraje w kontakte yo oswa vizite sit entènèt yo.

Fòm Enskripsyon Rejis Donè Ohio

Si ou PAT deja enskri kòm yon donè nan Biwo Sikilasyon Ohio a (BMV) lè w t ap renouvle lisans ou oswa kat idantifikasyon eta a, Fòm Rejis Donè Ohio a dwe ranpli nan BMV pou asire volonte w konsènan don ògàn ak tisi onore. Dokiman sa a ap sèvi kòm otorizasyon ou pou yo pran ògàn ak/oswa tisi ou te endike yo lè ou mouri, si li posib nan domèn medikal. Lè w soumèt fòm sa a, volonte w ap anrejistre nan Rejis Donè Ohio a ke yo kenbe nan BMV a e l ap aksesib sèlman pou ajans rekouvreman ògàn ak tisi yo nan moman ou mouri. Asire w ou pataje volonte w ak moun ki pwòch ou konsa y ap konnen entansyon w. Fòm sa a ka sèvi tou pou amande oswa revoke volonte w pou fè don.

Pou w ka enskri, tanpri ranpli epi voye fòm enskripsyon sa a pa lapòs:

Ohio Bureau of Motor Vehicles

Attn: Records Request

P.O. Box 16583

Columbus, OH 43216---6583

TANPRI ENPRIME

SIYATI	PRENON	DEZYÈM PRENON
ADRÈS POSTAL		
VIL	ETA	KÒD POSTAL
TELEFÒN	DAT NESANS	ETA OHIO # LISANS/KAT IDANTIFIKASYON OSWA # SEKIRITE SOSYAL

OPSYON ENSKRIPSYON REJIS DONÈ

OPSYON 1

Lè mwen mouri, mwen fè don anatomik ògàn mwen, tisi ak je pou nenpòt objektif lalwa otorize.

OPSYON 2

Lè mwen mouri, mwen fè don anatomik ògàn mwen, tisi, ak/oswa je annapre yo ki seleksyone pi ba a:

Tout ògàn, tisi ak je

ÒGÀN

Kè

Poumon

Fwa (ak vesò ki asosye yo)

Ren (ak vesò ki asosye yo)

Selil Pankreya/Ilo

Entesten

Entesten Grèl

TISI

Je/Kòne

Vàn Kè

Zo

Tandon

Ligaman

Venn

Fasad

Po

Nè

Nan objektif ki annapre yo ke lalwa otorize:

Tout objektif

Transplantasyon

Terapi

Rechèch

Edikasyon

OPSYON 3

Tanpri retire m nan Rejis Donè Ohio a.

SIYATI MOUN K AP ANREJISTRE KÒM DONÈ A X	DAT
---	-----

Donasyon Ògàn ak Tisi nan Ohio

Yon moun ka sove epi amelyore kalite lavi moun ki soufri defayans ògàn, malfòmasyon konjenital, kansè zo, blesi òtopedik, boule, avèg ak plis ankò. Yon donè ògàn ka sove lavi jiska 8 moun lè l bay kè, poumon, ren, pankreya, ti entesten ak fwa. Plis pase 123,000 Ameriken sou lis datant nasyonal la pou yon transplantasyon ògàn ki ka sove lavi yo; 3,400 nan Ohio. Estatistikman, 18 moun Ozetazini mouri chak jou pandan y ap tann transplantasyon. Si w anrejistre kòm donè, asire w ou pataje desizyon sa a ak manm fanmi w.

Kiyès ki kapab vin yon donè? Tout moun ki gen plis laj 15½ lane ka anrejistre epi bay otorizasyon alavans pou don. Yo gade si w ka fè don nan domèn medikal lè w mouri. Si yon minè mouri anvan li gen laj 18 lane, yon paran ka amande oswa revoke desizyon pou fè don an.

Èske gen laj limit pou donè yo? Moun tout laj ak istwa medikal sipoze konsidere tèt yo kòm donè potansyèl. Bebe ki fèk fèt ni sitwayen ki retirete konn fè don ògàn. Kondisyon medikal ou lè w mouri a pral detèmine ki ògàn ak tisi ou ka bay.

Si mwen antre nan Rejis Donè a, èske sa ap afekte kalite swen medikal m ap resevwa nan lopital? Non, doktè nan lopital yo gen sousi pou pran swen pasyan an kòm priyorite yo e yo pa enplike nan don ak transplantasyon. Chak efò yo fè se pou sove lavi w anvan yo konsidere kesyon fè don an.

Èske fè don ap defigire kò m? Èske l ap ka yon fineray ak sèkèy ouvè? Fè don pa defigire kò w e li pa anpeche oswa retade fineray, sa gen ladann sèvis ak sèkèy ouvè.

Èske sa ap koute fanmi m yon bagay pou m fè don? Fanmi donè a PA peye pou kòb don an koute. Se ajans rekouvremant ki deziyen an ki peye tout depans ki gen rapò ak don ògàn, je ak tisi.

Èske relijyon mwen apwouve don? Tout gwo relijyon yo sipòte don ògàn, je ak tisi kòm yon zak charite ki montre ou pa egoyis.

Èske mwen ka vann ògàn mwen? Non. Lwa Nasyonal sou Transplantasyon Ògàn nan fè li ilegal pou vann ògàn ak tisi moun. Gen amann ak prizon pou moun ki vyole règ sa a. Pami rezon ki fè yo mete règ sa a gen preyokipasyon Kongrè a pou achte ak van ògàn ka mennen nan aksè ak don ògàn ki pa ekita, kote moun ki gen lajan yo ap gen yon avantaj ki pa jis.

Kijan yo distribye ògàn yo? Ògàn donè yo koresponn ak benefisyè yo atravè yon sistèm ki kontwole onivo federal sou baz yon kantite faktè sa gen ladann kalite san, gwosè kò, ijans medikal, tan sou lis datant lan ak adrès jeyografik.

Èske mwen ka yon donè ògàn ak tisi e anmenmtan mwen bay lasyans kò m? Fè don tout kò m gen priyorite sou don ògàn ak tisi. Si w vle bay tout kò w, ou dwe fè aranjman ak yon lekòl medikal oswa etablisman rechèch anvan ou mouri. Lekòl medikal, etablisman rechèch ak lòt ajans etidye kò moun pou yo pi byen konprann anatomi ak fason maladi afekte moun. Rechèch sa a esansyèl tou pou sove epi amelyore lavi.

Èske rejis la otorize don vivan? Non, don vivan pa otorize nan rejis la. Li posib pou w fè yon don ren, oswa yon pati nan fwa oswa poumon pandan ou vivan, men sa se yon aranjman pèsònèl atravè sant transplantasyon espesifik.

Pou plis enfòmasyon sou don, kontakte youn nan kat (4) òganizasyon apwovizyonman ògàn leta federal la deziyen nan Eta a:

Northeastern Ohio
LifeBanc
www.lifebanc.org
216.752.5433

Western Ohio
Life Connection of Ohio
www.lifeconnectionofohio.org
937.223.8223

Central ak Southeastern Ohio
Lifeline of Ohio
www.lifelineofohio.org
877.223.6667

Southwestern Ohio
LifeCenter
www.lifepassiton.org
513.558.5555